**Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлиги**

**Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Гуманитар факультети**

**Кафедрасы: «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы»**

**Пәни: «Өзбекстан халықлары мәденияты тарийхы».**

**Темасы: «Орайлық Азия халықлары ояныў дәўиринде (IX-XII, XIV-XV әсирлер)»**

# Р Е Ф Е Р А Т

**Қабыллаған: доц.С.Сайманов**

**Орынлаған: Жуматова Г тарийх қанигелиги студенти**

**Нөкис 2010**

**Тема: Орайлық Азия халықлары ояныў дәўиринде (IX-XII, XIV-XV әсирлер).**

жобасы:

1. Орайлық Азияда ерте ″ояныў″ (ренессанс) мәдениятының пайда болыўының социал-экономикалық ҳәм сиясий жағдайлары.

2. Орайлық Азияда илим, мәдeният, әдебият ҳәм архитектураның раўажланыўы.

3. Тимур ҳәм тимурийлер дәўириндеги мәдeният ҳәм илим.

4. Орайлық Азияның ғәрезсиз ханлықларға бөлиниўи ҳәм мәдениятының раўажланыў жағдайы.

5. Ханлықлардың өз-ара мәдений байланыслары.

6. Орайлық Азия мәдениятының дүнья халықлары мәдениятына тәсири.

IX-XIII әсир басларында Мавераннахр ҳәм Хорасан аймағы жер жүзилик илим ҳәм мәдeният ошақларының бирине айланды. Мерв, Бухара, Самарқанд, Кят, Ургенч қалалары өз дәўириниң ең ири мәдeният орайлары болды.

Мәмлекеттиң мәдений турмысында ҳәм илимий жумысларда араб тили кең түрде қолланыла баслады. Илимий мийнетлер араб тилинде жазылды. Бундай жағдай X әсирдиң орталарына шекем даўам етти. X әсирдиң орталарынан баслап Мавераннахр халқы парсы-тәжик тилинде жаза баслады.

Усы дәўирдеги уллы шайырлардан Абдулла Джафар Рудаки ҳәм шығармаларын тәжик тилинде жазған Дақиқий х.б. болды. Дақиқий «Шах намэ» шығармасына баслама салды, бирақ оны ақырына шекем жеткере алмады. Шах-намэны тамамлаған Фердауси болды. Өз дәўириниң ең уллы философларының бири Абу-Наср ал Фараби (873-950) болды. Ол келип

шығысы бойынша орта азиялық болып Шығыс философиясының раўажланыўында хызмети үлкен. Фараби тәрепинен Аристотельдиң Метафизикасына комментарий жазылды. Фараби дәслеп Бухарада, соңынан Бағдадта оқыды.

IX әсир басындағы уллы алымлардың бири Ал Хорезми болды. Оның өмири ҳәм хызметлери Шығыстағы үш мәдений орай: Хорезм (Ургенч), Хорасан (Мерв) ҳәм тийкарынан жасап, мийнет еткен Бағдад пенен байланыслы болды. Келип шығысы бойынша Харумлик болған, ол Аббасийлер династиясының Халифа Мамун сарайында Бағдадта математика, география, астрономия бойынша илимий мийнетлер жазды. Ол Хорезмниң алгебра илимине тийкар салды. Ол «Дүньяның картасы» мийнети менен араб география илимине баслама салып берди. Оның «Астрономиялық табрицалар» ҳәм «Қуяш саатлары хаққында трактат» мийнетлери латын тилине аўдарылып Шығыс ҳәм Европа еллеринде орта әсирлик илиминиң раўажланыўына күшли тәсир етти.

X-XI әсирдеги Мавераннахрдан уллы алымлары арасында Абу Али Ибн Сино ҳәм Беруний айрықша орынды ийеледи. Абу Али Ибн Синода илимге қызығыушылықтың пайда болыўында әкеси Абдулла ибн Хосаннын роли үлкен болған. Абдулла ибн Хасан өзи Балх қаласынан болып, өз заманының саўатлы адамларының бири болып, финанс салық мекемесинде хызмет иследи. Ол улының ҳәр тәреплеме терең билим алыўы ушын ғамхорлық етти. 16 жасында философия, медицина, илимлерин терең үйренди. Оның устазлары философ Ибрайим Нотилей, атақлы тәўип ибн Ал Камарий х.б. болды.

Ибн Сино 17 жасында, яғный 997 ж. әмир Нух II ибн Мансур (976-997) емлегени ушын саманийлер китапханасынан пайдаланыў хуқықына ийе болды. Ол китапханада 10 жыл даўамында жумыс иследи. «Бул китапханада сондай китапларды көрдим - деп жазған еди ол ески түсириўлеринде,- көпшилик ҳәтте ол китаплардың атын да билмейди. Мен бундай китапларды,

бурын ҳәм кейин де көрген емеспен. Мен усы китапларды оқыдым ҳәм өзим ушын көп пайда алдым, ҳәр бир алымның илимдеги орнын аңладым».

Бирақ 1005 ж. Ибн Сино Хорезм пайтахты Гурганджға кетиўге мәжбур болады. Оның Бухарадан кетиўине Саманийлер мәмлекетиндеги аўыр экономикалық ҳәм сиясий қыйыншалықлар себеп болды. 999 ж. Мавераннахр Қараханийлер мәмлекетиниң қол астына түсип қалған еди.

Усы ўақытлары Мамун (997-1017) қол астында болған Гургандж қаласында Ибн Сино жети жылға жақын өмир сүрди ҳәм өзиниң мийнетлерин жазды. Усы ўақытлары ол өз дәўириниң уллы алымлары Масихий, Хаммар ибн Ироқ х.б. менен алымлар мәжилислеринде қатнасқан тәўипшилик еткен, илимий билимлерин жетилистирген.

Усы дәўирде Махмуд Ғазнавий Ибн Синоның қаласына сарайға алдырыўға ҳәрекет ислейди. Бирақ ол Ғазнаға барыўдан бас тартып, Хорезмнен кетип қалады. Султан Махмуд художник Абу Наср Арраққа Ибн Синоның сүўретин салдырады ҳәм оны 40 дана етип көбейтирип ўәлаят ҳүкимдарларына жибереди. Бунда усы сүўреттеги Ибн Синоны таўып, мениң алдыма жиберин деп бүйырды. Бирақ ол буннан соң да 25 жыл даўамында Гурганджда (1012-1014), Райда (1014-1015), Хамаюнда (1015-1023), Исфаханда (1023-1037) мийнет етти. Ибн Сина «Емлеў китабы», «Медицина билиминиң тийкарлары», «Донишнома» ҳ.б. китапларын жазды. Оның жумыс күни тәртиби хаққында шәкирти былай деп жазган еди: «Ол таң атпастан оянып «Емлеў китабы» үстинде жумыс иследи, таң атқаннан кейин шәкиртлерин қабыл етти. Азанда шәкиртлери менен бәнт болды. Усы пайытта аўырыўларды қабыл етти». Ибн Сино усыған қарамай ҳәр күни 50 бетке шекем илимий мийнетлер жазған. Ибн Сино 1037 ж. 18 июньда 58 жасында қайтыс болды. Ол өз өлими алдынан барлық мал-мүлклерин қамбағалларға, бала-шағаларға бөлистирип берген. Ибн Сино өлиминиң алдында «Биз өлемиз, бирақ өзимиз бенен бир нәрсени, ҳеш нәрсе билмейтуғынымызды алып кетемиз» деген еди.

Беруний (973-1048) көп тиллерди билген. Әййемги Хорезм тилин жақсы билген. Хорезм тили парсы, түрк тиллерине уқсамаған. Беруний шығармаларын араб тилинде жазған. Ол көп мәмлекетлерде болған (Иран, Аўғаныстан, Ирақ, Ҳиндстан). 995 ж. Ургенч қаласының ҳәкими Қыят қаласын басып алған кейин Беруний Иранға кетиўге мәжбур болған. Иранның арқа тәрепиндеги Гурган қаласында турған ҳәм усы жерде «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» мийнетин жазған. Беруний бул мийнетте араб басқыншылығына шекемги дәўирдеги Орта Азия халықларының мәденияты, Наўрыз байрамы, араблардың жаўлап алыўы ҳ.б. мағлыўматлар берген. Шыгармада 90 ға жақын халықлардың атлары 300 ге жақын жер атамалары баян етиледи. XI әсирдиң басында Хорезмниң пайтахты Қыят қаласынан Ургенчке көшкеннен кейин Ургенч үлкен мәдений орайға айланады. Илимпазлардың бас қосып жумыс ислейтуғын орны Мамун Академиясы деп аталған. Беруний Мамун Академиясында Ибн Сина, Масахий Хаммар ҳ.б. алымлар менен бирге мийнет еткен. Бирак 1017 ж. Махмуд Ғазнаўий Хорезмди басып алғаннан кейин Беруний оның сарайына алдырылған. Беруний Ғазнавийдиң Ҳиндистанға жасаған атланысларына қатнасып, «Ҳиндистан» деген атақлы мийнетин жазды. Беруний дүнья халықларының картасын ислеп шықты. Жердиң қуяш дөгерегинде айланыўын дәлийлледи.

IX әсирде жасап дөретиўшилик мийнет пенен шуғылланған уллы алымлардың бири Ахмед Ферғаний болып есапланады. Оның илимий мийнетлери пүткил дүньяға мәлим. Оның «Китоб Фи Усул илман Нужум» (Астрономия илиминиң усыллары хаққында китап) мийнетиниң қол жазбалары Англия, Франция, АҚШ, Египет ҳәм Санкт-Петербургта сақланбақта. Ахмед Ферғанийдиң 812 жылы қуяш тутылыўын алдын-ала мәлим етиўи, жердиң домалақ шар формада екенлигин дәлийллеўи алымға үлкен абырой алып келди. Кейинирек Египетте жасаған пайытта Нил дәрьясы суўын өлшейтуғын әсбап ислеген. Ахмед Ферғанийдиң астрономияға тийисли ири шығармаларынан бири «Аспандағы ҳәрекетлер

ҳәм жулдызлар илиминиң топламы хаққында китап» болып есапланады. Бул шығарма «Астрономия негизлери» деп те аталады. XII әсирде-ақ алымның шығармалары латын тилине аўдарылып пүткил Европаға тарқалады.

XI әсирде жасап мийнет еткен Махмуд Қашғарий түркий халықлар тарийхы, тили, мәденияты, үрп-әдетлерин пухта үйрениў мақсетинде пүткил Орайлық Азияны аралап шықты. 1074-1075 жыллары Махмуд Қашғарий тәрепинен «Девону луғатит түрк» (Түрк тилиниң луғати) шыгармасы жазылды. Бул мийнетте түркий халықлары аўызеки дөретпеси ҳәм жазба әдебиятына тийисли 300 ден артық қосықтан үзиндилер, мақаллар, ҳикметли сөзлер берилген.

Қараханийлер салтанаты дәўириниң уллы алымларынан бири Юсуф Хос Хожиб болып, ол өзиниң ҳәзирге шекем бизге мәлим болған көркем-философиялық «Кутадғу билиг» (Бахытқа баслаўшы билим) шығармасы менен дүньяга мәлим болды. Юсуф Хос Хожибтиң өмир жолы, хызметинен мағлыумат бериўши бир де дерек жоқ, туўылған жылы ҳәм өлими мәлим емес. Тек уллы алымлар «Катадғу билиг» шығармасындағы мағлыўматлар тийкарында ғана ол хаққында айырым жуўмақлар шығарыў мүмкин. Юсуф Баласагунда хызметкер шанарагында туўылған. Шығарманы Кашгарда тамамлап, Қараханийлер ханы Тавгаш Бугроханға имам еткен. Хан алымды сайлыклар өз сарайында Хос Хожиблик (Сарайдын Хос Назири) лаўазымын берген.

Өз дәўириниң ири ағартыўшылық ҳәм мәдений ошағы болған Баласугунда болған алым, мектеп ҳәм медреселерде оқып тыянақлы билим алған, араб, парсы, тәжик тиллерин үйренген, философия, математика ҳәм басқа илимлерди ийелеген.

Түркий тилде жазылған дидактик теорияллық-философиялық «Катадғу билиг» шығармасы кирисиў ҳәм жуўмаклаўдан ағартыўшылық, бала тәрбиясы, жәмийетлик орынларда өзин тутыў, сөздиң әҳмийети ҳәм қәдири, инсан руўҳый дүньясының көплеген мәселелери сөз етиледи.

Түркий әдебияттың ири ўәкиллеринен бири Ахмед Югнакий болып есапланады. Оның бизге шекем жетип келген бирден бир мийрасы «Хабатул-Хакойик (Хақыйқатлар армуғони)». «Хабатул Хақойиқ» тың 1480 жылы көширилген нусқасы 235 байт ҳәм 11 баптан ибарат. Қосық усылында жазылған бул шығарма түркий әдебий-мийрастын уллы мийрасы сыпатында раўажланыўға үлкен үлес қосты.

Абулқасым Махмуд аз Замахшарий (1075-1144) Хорезм илими ҳәм мәдениятын дүньяға таныткан уллы ойшыллардан болып есапланады. Ол 18 мартта Хорезмниң Замахшар аўылында дүньяға келген. Басланғыш мағлыуматты ол өз заманының оқымыслы имамы болған атасы Умар ибн Ахмад қолында алады. Жаслығында бахытсыз ҳәдийсе нәтийжесинде жайдан жығылып майып болып қалған Замахшарий руўҳый түскинликке түспейди.

Замахшарий Ургениште медреседе оқыў менен бирге қол жазба шығармаларды көшириў менен де шуғылланады. Ол өз билимин жетилистириў мақетинде Бухара, Хорасан ҳәм Исфаханға барады, өз заманының ири алымлар ҳәм ойшылларынан сабақлар ҳәм мәсләҳәтлер алады. Оннан кейинги өмирин уллы алым Бағдад, Дамаск ҳәм Мекке сыяқлы мәдeният ошақлары менен байланыстырады. Замахшарий өмириниң сонғы жылларын Ургениште илимий ислер жазыў менен өткереди.

Аз Замахшарийден жүдә көп илимий мийрас қалған. Оның тил, әдебият, ислам тарийхы, философия ҳәм басқа илимлер бойынша жазған елиўден артық шығармалары бар.

Махмуд аз-Замахшарийдиң ең ири ҳәм атақлы шығармасы «Ал Кашшоф ан хақойиқ ит танзийл ва уйун ил-аковийл фи вужук ит-таъвийил» («Қурандағы жасырын ҳақыйқатларды ашып бериўши»). Ол қысқаша «Ал Кашшор» деп аталады. Бул китапты алым 1132-1135 жыллары Меккеде болған пайытында жазған. Замахшарий Меккеде узақ ўақыт жасағанлығы ушын Жаруллох (Алланың қонсысы) деген ҳүрметли лақапты алған.

Шығармада уллы алым, Қурони Каримди тил жағынан тәриплеп ҳәр бир сөздиң мәнисин араб грамматикасы тийкарында түсиндиреди.

IX-XII әсирлерде Орайлық Азия территориясында дүньялық илим ҳәм мәдeният пенен бир қатарда ислам мәденияты раўажланды.

Ислам мәдениятының Қурони Каримнен кейин екинши орында туратуғын қымбатлы дереклерден бири - Хәдислер, яғный Мухаммад пайғамбардың диний ҳәм әдеп-икрамлық көрсетпелери, ҳүрметли сөзлери.

«Хәдис илиминдеги әмир-ул Мумийин» деген ҳүрметли атаққа ылайық болған данышпан алым Имам ал-Бухарий 810 жылы 20 июльде Бухарада дүньяға келген. Он жасқа жетпестен хәдис илимин үйрениўге кирискен Имам Бухарий 11 жасында айырым устазларының қәтелерин таба алған. Он алты жасына жеткенинде 825-826 жыллары Мекке ҳәм Мадинаны зыярат етип, алты жыл Хижозда жасап хәдис илимин үйренеди. Буннан соң ол Дамаск, Кохира, Басра, Бағдад сыяқлы қалаларда болады.

Имам Бухарий 600 мың хәдислерди топлаған. Солардан 100 мың «сахих хәдислери ҳәм 2000 мың ғайри сахийх» хәдислерин ядтан билген. Хәдис илиминде Имам Бухарийге тең келетуғын бирде бир адам мусулман әлеминде болмаған.

Ислам дүньясындағы уллы алымлардан бири Абу Исо Мухаммад Ат Термизий болып есапланады. Ол Термез қаласы жанындағы Буг (ҳәзирги Сурхандәрья ўәлаятының Шеробод районы) аўылында дүньяға келген. Ат Термезий Термез, Самарқанд, Мерв, Хижоз, Мекке ҳәм Медина, Ирак, Хорасанда болып шығармаларын үйренеди, пикир-таласларына қатнасады. Ат Термизийдиң камалатында Исмайыл Бухарийдиң орны айрықша.

Ат Термезийдиң оннан артық шығармалары бар: Ал Жомич ас-сахийих (Исенимли топлам), Аш Шамойил ан-набавийа (Пайғамбардың айрықша пазыйлетлери) ҳәм басқалар.

X әсирден баслап Орайлық Азияда архитектура ҳәм қурылыс тараўында жоқары дәрежеде раўажланыў басланады. Самарқанд, Бухара, Ургениш, Мерв, Термез, Узген ҳәм басқа қалаларда сарайлар, мешитлер, медреселер, минаретлер, ханаколар, мақбаралар, кәрўан-сарайлар қурылады. Бухарада Исмайил Саманий Мақбарасы (X әсир), Самарқанд жанында Тим аўылында Араб ата макбарасы, XI әсирде Мервте Султан Санджар, Узгенде Қараханийлер мақбарасы, Бухарада Минораи Калон мақбарасы ҳ.б. қурылды.

Усы дәўирден кейин, XIII әсир - XIV әсирдиң биринши ярымында монғоллар үстемлик еткен ўақытта мәденияттың раўажланыўында үзилис болды. Мәденияттың раўажланыўы Тимур ҳәм тимурийлер дәўирине туўра келеди.

Темур дәўиринде Самарқанд жаңа усылда қайта қурылды. Ол Самарқандта Көк сарай, Бибиханым мешити, Шахизинда мавзолейи, Самарқанд әтирапына Боғи Чинор, Боғи Шамол, Боғи Дилкүш сыяқлы бағ ҳәм сарайларды қурдырды. Қурылысқа жергиликли архитектор усталар-өнерментлерден тысқары Темур басып алған өзге мәмлекетлерден көплеп қурылысшылар, художниклер тартылды.

«Темур түзүклеринде» мынандай қатарлар жазылған: «Маған бойсынған жаңа мәмлекетлерде ҳүрметке ылайык адамларға ҳүрмет көрсеттим. Мен пайғамбар ўәлаятларына, нызамды нәсиятлаўшыларға, алымлар менен жасы үлкенлерге уллы хүрмет ҳәм сыйласықлы қатнаста болдым, оларға напақа белгиледим. Бул мәмлекетлердиң бай даўлетли адамлары маған агайинимдей, жети-жесир ҳәм кәмбағаллар болса балаларымдай болып қалды. Жеңилген мәмлекеттиң әскерлери мениң әскерлериме қосылды. Мен бул мәмлекетлерди халық хүрметине ерисиўге ҳәрекет еттим. Усыған қарамастан пухараларды қорқыныш ҳәм умит арасында усладым Жақсыларға, олар қайсы миллетен болыўына қарамастан мен де жақсылық еттим, инсапсыз адамлар ҳәм сатқынлар мениң

мәмлекетиинен куўылды. Қорқақ ҳәм пәс адамларға ылайық ислер тапсырдым».

Темурийлер басқарған дәуирде Темур дүзген империя онық әўладлары арасында ғәрезсиз ҳәкимликлерге бөлшеклене баслады. Темурдың улларының бири Шахрух (1409-1447) ўзақ даўам еткен тартыслардан соң темурийлердиң бас ҳүкимдары деп тән алынды. Шахрух ҳәм оның мийрасхорлары дәуиринде Орта Шығыстағы ири шәҳәрге айланды ҳәм темурийлер хәкимлигиниң пайтахты болып қалды.

Усы дәуирде ис жүзинде Темур империясы еки мәмлекеттен ибарат еди. Бири пайтахты Герат болған Хорасан, екиншиси пайтахты Самарқанд болған - Мавераннахр. 1409 ж. Шахрух өз улы Улуғбекти Самарқанд хүкимдары етип тастыйықлайды.

Улуғбек Мырза 1394 жылы 22 март күни Ирақтын Султания қаласында дүньяга келген. Әмир Темурдың усынысы менен туўылган нәрестеги Мухаммад Тарагай деп ат қойылады.

1409 жылы Улуғбек Мавераннахр тахтына отырғанда 15 жасында еди. Улуғбек әңәә жылдан мәмлекетти ғәрезсиз өз бетинше басқара баслайды.

1413 жылы Умаршейхтың улы Искендер Мырза Улуғбекке қарсы қозғалан көтереди. Бул қозгаланды бастырыў ушын Шахрух Мырзаның өзи әскерлери менен барады. Ферғана хәкими Умаршейх Мырзаның және бир уллы Ахмед мырза Улуғбекке бойсынбайтуғынлығын билдиреди. Улуғбек Ферғанаға әскер менен барады. Ахмед Мырза тауға қашып кетеди ол жерден Қашғарға өтеди. Улуғбек Андижан ҳәм Ахсти, 1416 жылы Кашғарды ийеледи.

Улуғбек әскерий сәркарда сыпатында тарийхтқа атын қалдырыўға умтылмаған. Оның әскерий жүрислери тийкарынан қорғаныў сыпатында болған. Улуғбек 1425 жылы Моғулистан жерлерине әскерий атланыс шөлкемлестирип, көп байлықлар менен Қашқадәрья арқалы Самарқандқа қайтады. 1426 жылы Алтын орда тахтын ийелеп турған Баракхан Сырдәрьяның төменги ҳәм орта ағысындағы жерлерге хүжим етеди ҳәм

Сығнақ қаласын ийеледи.Улуғбек Мырза Баракхан әскерлери менен алып барған 1427 ж. саўашта (Сығнақ жанында) жеңилиске ушырайды.

Усы дәўирден баслап Улуғбек Мырза өз өмирин илим-пәнге багышлайды, әскерий жүрислерде қатнаспайды. Тек ғана ол XV әсирдиң 30-40 жылларында әкеси Шахрух Мырза менен Дашти Қыпшақтың шығыс бөлиминде жасаўшы көшпели өзбеклер ханы Абылхайирханға қарсы урыслар алып барыўға мәжбур болады.

Шахрух 1447 жылы 12 мартта ақлығы Султан Мухаммад көтерилисин бастырыў пайытында Рай қаласында дүньядан өтеди. Усыннан баслап темурийлер шахзадалары арасында тахт ушын гүрес қайтадан күшейип кетеди. 1448 жылы Улуғбек ҳәм онын баласы Абдуллатифлер тәрепинен Герат қаласы басып алынады. Усы пайытта көшпели өзбеклер ханы Абулхайирхан Мавераннахрға басып киреди ҳәм Самарқандқа шекем жетип келеди. Бул хабарды еситкен Улуғбек Самарқандқа атланады. 1449 жылдың бәҳәринде Абдуллатиф өз әкеси Улуғбекке қарсы урыс ҳәрекетлерин баслап жибереди. 1449 ж. октябрь айында Самарқандқа жақын Дамашк жанында болған саўашта Улуғбек Мырза әскерлери жеңиледи. Улуғбек Самарқандқа шегинеди. Самарқанд хәкими Мираншах оны қалагы киргизбейди. Усындай пайытта ол өз қәлиўи менен хәкимияты Абдулла Мырзаға тапсырыўға мәжбур болады. Улуғбек зыяратқа баратырған пайытта жолда Аббас деген шаҳс тәрепинен 1449 ж. 25 октябрьде өлтириледи.

Мырза Улуғбек илим ҳәм мәденияттын раўажланыўына айрықша үлес қосты. Ол Самарқандта обсерватория қурдарыды. 1449 жылы Улуғбек өлиминен соң ол дүзген академия тарқалып кетеди.

Сырдарьяның төменги ағысы ҳәм Балхаш көлинен Днепр дәрьясының төменги ағысларына шекемги территория XI әсирден баслап Дешти Қыпшақ деп айтылған. Бул атаманы дәслеп Носири Хосраў (1003-1088) қолланған. Соннан баслап Дашти Қыпшақ атамасы араб ҳәм персия тиллериндеги шығармаларда ушырасады. Дашти Қыпшақ халқы шығыс дереклеринде - қыпшақлар, рус жылнамаларында – половецлер, Византия хроникаларында - команлар деп аталған.

Дешти Қыпшақтың шығыс бөлиминде, Батыс Қазақстан, Тобольск, Тура ҳәм Тюменде көшип жүрген түрк монғол қәўимлери:арлат, буркут, қытай, карлук ҳ.б. қәўимлер XIII әсирдиң ақыры ҳәм XIV-XVI әсирлерде жасап мийнет еткен Шығыс тарийхшылары тәрепинен улыўма ат пенен «өзбек» деп аталған. Шейбанийханның заманласы Рузбеҳонның «Меҳмонномайи Бухара» китабында Дешти Қыпшақ өзбеклери үш топардан: шейбанийлер, қазақлар ҳәм маңғытлардан қуралатуғынлығы айтылады. Олардың ең үлкени маңғыт улысы Волга менен Жайық (Урал) дәрьялары аралығындағы территорияны ийеледи. Шейбанийлер династиясы улусына Урал таў етеклери, Сырдәрьяның төменги ағысы, Тобол, Иртыш, Илек, Иргиз дәрьялары менен Арал теңизи аралығындағы кең территория киретуғын еди.

XV әсирдиң 20-жылларында Дешти Қыпшақта Шейбанийлер династиясы алға шықты ҳәм усы династия ўәкили Абулхайр 1428 жылы хан етип сайланды ҳәм 40 жыл даўамында ҳәкимниятты ийелеп турды (1428-1468 жж.) Ол Сырдәрьяның төменги ағысындағы Сығнақ, Аққорған, Аркук, Сузак ҳәм Узген қалаларын қолға киргизген, оларды Мавереннахрға топылыс жасаў ушын пайдаланды. XV әсир ақырында Абулхайырдың ақлығы Шейбанийхан соңынан көшпели өзбеклер атын алған барлық түрк монғол қәўимлерин бир мәмлекетке бирлестирди.

XVI әсирдин басларында Дешти қыпшақлық Мухаммад Шейбанийхан (1451-1510) темурийлер мәмлеқетине қарсы әскерий жүрислер қылып, оны женгеннен сонғы дәўирде Бухара, Хийўа, кейинрек Қоқан ханлықлары дүзилди.

Бухара әмири Абдуллахан II хүкимдарлығы дәўиринде (1557-1598) үлкеде орайласқан мәмлекет ҳәм күдретли армия дүзилип, ол атақлы әскер басшы ҳәм мәмлекет искери сыпатында абройға ийе болды. Абдуллахан II тусында пүткил Түркистан үлкеси бир пүтин мәмлекетке бирлестирилди. Абдуллахан II ўақтында да Иран менен урыслар даўам етип, ол Хорасанды бойсындырды, бирликте Иранға қарсы гүресиў ушын Османлар султаны Мурад III (1574-1595) ҳәм Бабурийлер династиясының ўәкили Акбар (1556-1605) менен жақынласты.

Ханлықта жәмийет-хүқықы шегараланбаған ханлар қолында болып жәмийет турмысы шәрият нызамларына тийкарланған ҳалда қурылған еди. Ханлықта Шайхулислам үлкен абыройға ийе болған. Ол ең ири руўханий ҳәм суд ислериниң сәрдары. Оннан кейинги орында қозықален (жоқары суд) турған. Аталық ҳәмелинен соң дийўанбеги әҳмийетли орын ийелеген. Бул ҳәмелдеги адам урыс ҳәм жарасыў, айырым ўәлаят баслықларын тайынлаў ҳәм басқа мәселелерди шешиў менен шуғылланған. Ол мәмлекет финансын да басқарған. XVI-XVIII әсирдин биринши ярымында қусбеги ҳәмели де болып, тийкарынан хан тәрепинен өткерилетуғын аңшылықты шөлкемлестириў менен шуғылланған. Манғитлар династиясы дәўирине келип, қусбеги ханнан кейинги екинши шахс болып қалды. Ол ис жүзинде биринши ўәзир есапланып, мәмлекеттеги барлық басқарыў тармақлары оның қолында еди.

Мәмлекет турмысында дийханшылық, өнерментшилик, ҳәм сыртқы саўда тийкарғы орында ийелеген. Ханлықта жипекшилик көбирек Зарафшан оазисинде раўажланған. Ғәлле егинлери Самарқанд, Қашқадәрья, Сурхандәрья, Бухара әтираплары ҳ.б. жерлерде жетистирилген.

Қала халқының әдеўир бөлегин өнерментлер қурап олар мәмлекет турмысында салмақлы орын ийелеген. Бухаралалылар Иран, Афганстан, Туркия, Хиндстан, Қытай, Арабстан, Россия ҳ.б. мәмлекетлер менен саўда-сатық алып барған әсиресе, Бухара қаласы Орайлық Азияның ең ири саўда

орайы сыпатында данққа ийе болып, кәруансарайлар ҳәм саўда орынлары көп болған.

Бухарада хан сарайында қымбатлы китапларды өз ишине алған китапхананың болыўы дыққатқа сазаўар. Тарийх пәни тараўында қымбатлы шығармалар дөретилген. Олардан Абдулла ибн Мухаммадтын «Зубдат ал-осор» Фазлуллах ибн Рузбехен Исфахонийдин «Мехмонномойи Бухара», Хофис Таниш Бухориядин «Убайдулланома» х.б. шегармаларды көрсетиў мүмкин.

Хийўа ханлығының мәмлекет дүзилиси бухаралылардың дерлик парқы болмайды. Хан хуқықы шегараланбаған ҳалда мәмлекетти басқарған. Оннан кейинги ең абыройлы лаўазым ўәзир яки қусбеги есапланып, салықларды топлаў ҳәм улыўма ханнан барлық тапсырмаларын орынлаў менен шуғылланған. Сондай-ақ қазы раис х.б. ҳәмеллер бар еди. Қалаларды хәкимлер ҳәм олардың жәрдемшилери болған жүз баслықлар ҳәм ақсақаллар басқарған. Ханлық турмысында Шайхўислам (азун) ҳәм муфтий салмақлы орын ийеледи.

Ханлықта суўғарып егилетуғын дийханшылыққа айрықша кеўил берилген. Жерлер мәмлекет ҳәм жеке адамлардын қолында болып, олардың бир бөлеғи ўақымға берилген. Дийханшылықта пахта, бийдай, арпа, жүўери, палыз ҳәм мийўе өнимлери жетистирилген. Жипекшилик пенен де шуғылланған. Ханлықта шарўашылық, әсиресе туркменлер, қарақалпақлар ҳәм қазақлар арасында жақсы раўажланған еди.

Қала ҳәм аўылларда өнерменшилик кен тарқалғанлығы ҳаққында мағлыўматлар бар. Булар бойынша тоқымашылық кәсиби өсип, пахта ҳәм жипектен ҳәр қыйлы гезлемелер таярланған.

Хийўа ханлығында ишқи ҳәм сыртқы саўданың тутқан орны үлкен болған. Хийўа, Ургениш, Хазарасп, Ханқа, Қоңырат, Хожели, Шымбай х.б. қалалары саўда-өнерментшилик орайлары есапланған.

Хийўа ханлығы Иран, Аўғаныстан, Хиндстан, Россия х.б. жерлер менен саўда байланысларын алып барған. Узақ ўақытлар даўамында хийуалық

саўдагерлер Астрахан, Нижний Новгород, Оренбург сыяқлы қалаларда саўда менен шуғылланған.

Усы дәўирде ханлықта тарийхтқа орналған қымбатлы шығармалар жаратылды. Абулғазызханнан «Шажарайи турк» шығармасы рус ҳәм Европа тиллерине аўдарылды. Мунистиң «Фирдовс ал-Иқбор» шыгармасы XVI-XVIII әсирлердеги ханлық тарийхына бағышланған болып, оның дәўамын Мунистиң өлиминен кейин жийен Ағахий жазған. Бунда ханлықтын тарийхы 1872 жыл менен тамамланған.

Хорезмде архитектура, қурылыс ислери бойынша көп жумыслар исленди. Мәселен Араб Мухаммад медресеси (1616), Шерғазыхан медресеси (1718-1719), Ичонқалада пахлавон Махмуд (1810-1825), Аллақулихан сарайы (1830-1833), кәруансарай Тим (1832) ҳ.б. имаратлар қурылды. Ханлықта медреселер қараўға айрықша итибар берилген. Нәтийжеде Хожамберди (1688), Қазы Фозилбеқ (1799), Мухаммад Амин Инақ (1765), Арабхана (1810), Палван ата (1835), Рахимқулихан (1843), Рахмонбердибай (1843), Қутлымурат инақ (1809), Мухаммад Аминхан (1851) ҳәм усыған уқсаған 14 медресе қурылған.

Қоқан ханлығындағы хәкимиятты басқарыў тәртиплер Бухара ҳәм Хийуа ханлықларынан дерлик парқы болмаған. Бул жерде де хан шекленбеген хүқыққа ийе болып, өзиниң келиўи бойынша жумыс алып барған. Ханлық ўәлаятларға бөлинген болып, оларды бек ямаса хәким лаўазымындағы ҳәмелдарлар басқарған. Ўәзир ханнан кейинги екинши шахс есапланып, әҳмийетли болған. Жоқары, орта ҳәм төменги административ басқарыўда төмендеги ҳәмеллер бар еди: қусбеги, дийуанбеги, миқбасы, шайхулислам х.б. Ферғана алабында дийханшылықта пахта әҳмийетли орын ийелеген. Өнерменшиликте тоқымашылық, гулалшылық, мысгерлик, темиршилик х.б. түрлери раўажланған. Ханлықта саўда-сатық қызғын түс алған. Қоқан Андижан, Марғулан Наманган ҳәм Ош ири саўда-өнерменшилик орайларына айланып, Бухара, Ташкент, Самарқанд, Хожент,

Хийуа хәзирги Қырғызстан, Қазақстан жерлери менен саўда байланысларын алып барған.

Мәдений турмыста қымбатлы тарийхый шығармалар дөретилди. 1822 жылы Мырза Қалендер Исфарагий тәрепинен «Шахнама» шығармасы жуўмақланды Мухаммад Хақимхан Тура Хақандийдин «Мунтахаб ат таворих», Молла Нияз Мухаммад Хақандийдин «Тарихи Шохрехи», Аваз Мухаммадтың «Тарихи жаханномайи» шығармалары жазылған. Ханлықта Норбутабий медресеси (1799), Жума мешити (1815), Қоқан Ордасы (хан сарайи, 1870) қурылды.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

Әдебиятлар:


1. Каримов И. Миллий истиқлол мафкураси - ҳалқ эътиқоти ваг буюк келажакка ишончдир. Т. 2000

2. Каримов И. Донишманд халқимизнинг мустаҳкам иродасига ишонаман Т. 2000

3. Абулқосым Фирдовсий. Шахнома. Уч жилдлик. Т., 1984

4. Абу Наср Фарабий Фозил адамлар шахри. Т.1993

5. Абу Райхон Беруний. Қадимги халқлардан қолган едгорликлар. Т. 1968

6. Ахмедов Б. Улуғбек Мухаммад Тарағай. Т.1994

7. Ахмедов Б. Тарихдан сабоқлар. Т. 1994.

8. Буюк сиймолар, алломалар. Т. «Мерос» (уч китоб), 1995, 1996, 1998

9. Юсуф Хос Хожиб. Кутадгу билиг. Т.1990

10. Великие ученые Средней Азии и Казахстана (VIII-XIX вв). Алма-ата. 1993

11. Каримов И. Истиқлол ва маънавият. Т. 1994

12. Каримов И. Хива ва Бухоро шаҳарларининг 2500 йиллигига боғишланган тантанали маросимлардаги табрик сўзи. «Халқ сўзи», 1997, 21 октябр.

13. Ахмедов Б. Тарихдан сабоқлар. Т. 1994

14. Бобобеков Х.Н. Қўқон тарихи. Т. 1996

15. Баений. Шажараи Хоразмшохий. Т. 1994

16. Зияев Х.З. Экономические связи Средней Азии с Сибирью в XIV-XVII вв. Т. 1988

17. Юлдашев М.Ю. История торговых и посольских связей Средней Азии с Россией в XVI-XVII вв. Т.1964